

ETA KAWOLIN DINÒ
KONSÈY EGZAMEN



SOU DOSYE:

Desizyon Otorite Siperyè yo:

ATTN:

Demandè

Anplwayè

Selon N.C. Gen. Stat. § 96-15(e), ka sa te vini devan Konsèy Egzamen an (“Konsèy”) pou egzamine **apèl demandè a oswa anplwayè** a de yon desizyon ki te pran pa Abit Apèl.....sou nimewo dosye apèl.....prèv dosye a te egzamine antyèman.

Yon egzamen dosye a revele, Konstatasyon fè Abit Apèl la ensatisfèzan akòz neglijans pou rezoud pwoblèm apèl la. Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0212(a)(2), Abit APèl la te rekòmande pou fè konstatasyon fè ki adekwa pou rezoud ka sa. Abit Apèl la pa te rive fè sa. Abit Apèl la dwe egzamine dosye odyans lan pou detèmine si dosye a genyen ase enfòmasyon pou ekri konstatasyon fè ki adekwa epi sifizan. Espesyalman, Abit Apèl la gen obligasyon pou fè konstatasyon fè yo...

Baze sou sa ki presede a, koz la dwe ranvwaye an bay Abit Apèl la pou fè devwa legal yo an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. § 96-15(c), epi jan li dekri nan paragraf ki vini anvan an.

Si dosye a manke enfòmasyon pou konfòme avèk lòd sa jan li dekri pi wo a, Abit Apèl la dwe refè odyans lan pou byen devlope dosye sa. Abit Apèl la dwe emèt yon nouvo desizyon avèk konstatasyon fè epi konklizyon lalwa yo. Konstatasyon fè yo pral deklare istwa pwosediral ranvwa a, yon rezime egzijans lòd ranvwa a, epi pati avèk temwen ki prezante nan chak odyans k ap fèt sou dosye sa. Abit Apèl la dwe ensere tou konstatasyon fè presedan yo nan nouvo desizyon an nan enterè ekonomi sou plan jidisyè. Plis konstatasyon fè dwe fèt, epi li dwe evidan de nouvo desizyon an, Abit Apèl la konsidere prèv yo, epi konfòme l avèk lòd ranvwa Konsèy la.

Si odyans lan ap redirije sou dosye sa, tout pati ki enterese yo pral enfòme de lè avèk dat lòt odyans lan, epi Abit Apèl la pral idantifye nouvo desizyon nan fen odyans ki ranvwaye a pandan l ap itilize tout nimewo dosye ki te atribue avèk ka a anvan.

ENPÒTAN – GADE PAJ KI SWIV LA



Desizyon Otorite Siperyè yo :
Paj De nan De

Tout dokiman ki genyen nan dosye a pral transmèt bay Abit Apèl la avèk desizyon sa, enkli apèl la avèk tout lòt enfòmasyon ki an rapò oswa dokiman sou nenpòt non oswa apelasyon, pral make kòm prèv konviksyon epi pral antre nan rejis la pa Abit Apèl ki ranvwaye a pou konplete rejis yo jan li rekòmande pa lalwa.

Abit Apèl la dwe voye pa lapòs yon nouvo desizyon sou dosye sa, ki konsistan avèk lòd pou detni an nan delè 15 jou pati de dat resepsyon dosye ki te ranvwaye a nan Seksyon Apèl la, sof si yo ~~Dokiman Abit Apèl yo nenpòt pwosesis longatè yo ki pral fè pati de desizyon sa.~~

Manm Konsèy Egzamen an Susan Doe avèk John Doe te patisipe nan apèl sa epi te dakò avèk desizyon sa.

Sa se :

KONSÈY EGZAMEN AN

Prezidan

AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd admin. 24A .0105(32) (enkli moun antrepriz tyès pati yo k ap sèvi antanke anplwayè administratè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 and § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèvizyon yon avoka dwe ekri selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Yon reprezantasyon legal nan pwosesis jidisyè dwe an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504, lèske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout dokiman ki te founi pa yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 Jyen xxxx yo, demandè a fè sijè ranbousman alokasyon li te resevwa de nenpòt desizyon jidisyè oswa administratif ki ranvèse pita pandan apèl la. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).

Apèl ki te depoze:

Desizyon ki te voye pa Lapòs: